



TRUE
NORTH
RETREAT
THE COMPASS INITIATIVE



Kaye nòt patisipan yo

Tab matyè yo

Orè Evènman nan wikenn nan	3
Retrèt Pèsonèl.....	5
Antrenè retrèt / Konseye.....	7
Evalyasyon pèsonèl Pre-retrèt la.....	8
DiSC® Pwofil pèsonalite ak tandans finansye yo.....	9
Plan libète finansye a.....	14
Fèy Travay Bidjè chak Mwa.....	15
Fèy travay plan rediksyon dèt.....	16
Travay avèk kreyansye yo.....	18
Pi ba to Enterè yo.....	20
Negosyasyon Dèt.....	22
Rejis negosyasyon dèt.....	27
Egzanp yon Lèt ki byen senp pou voye bay Kreyansye a.....	28
Egzanp Lèt Swivi pou w voye bay Kreyansye a.....	29
Kontra kòwòt TNR.....	30
Oto-Evalyasyon aprè retrèt la.....	31
Evalyasyon retrèt la.....	32



Byenveni nan Retrèt True North la! Retrèt sa a te fèt pou ke ou te kapab fè yon ti elwanye tout distraksyon yo chak jou nan kay ak ministè a, nan lide pou ke ou menm avèk mari ouwa madanm ou kapab pase tan entansyonèlman pou adrese sitiyasyon pèsònèl oubyen finansye yo. Anplwaye a la pou ba ou enstriksyon debaz ak ankourajman. Si nenpòt nan diskisyon yo pote pwoblèm ke ou ta renmen diskite endividyèlman ouwa kòm yon koup, tanpri fè nou konnen.


Orè Evènman nan wikenn nan

	KÒMANSE	SEKANS EVÈNMAN YO	ORATÈ
VANDREDI	5:00 pm	Enskripsyon	
	6:00 pm	Dine	
	7:00 pm	Oryantasyon ak Entwodiksyon	
	7:15 pm	Yon kòmanse san danje ak temwayaj finansye	Non
	7:45 pm	10-minit rekreyasyon	
	7:55 pm	Mete fwaye nou nan lòd sou zafè finans pèsònèl la	Non
	8:35 pm	10-minit rekreyasyon	
	8:45 pm	Temwayaj finansye	Non
	9:00 pm	Tab diskisyon	
	9:15 pm	Ranvwa	
SAMDI	8:00 am	Dejene	
	8:30 am	Mesaj Devosyonèl	Non
	9:00 am	Pi bon kesyon finansye yo	Non
	9:30 am	Bati yon bidjè	Non
	10:00 am	15-minit rekreyasyon	
	10:15 am	Pratik nan planifikasyon: Bidjè	
	11:30 am	Tab diskisyon	
	12:00 pm	Manje midi	
	1:00 pm	Pratik nan planifikasyon: Bidjè	
	2:30 pm	30-minit rekreyasyon	

Orè Evènman nan wikenn nan


	KÒMANSE	SEKANS EVÈNMAN YO	ORATÈ
SAMDI, KONTINITE	3:00 pm	Bati yon plan pou dèt ak Plis	Non
	3:30 pm	Pratik nan planifikasyon: Plan dèt	
	6:00 pm	Dine	
	7:00 pm	Journey ak Quest COMPASS la	Non
	7:45 pm	15-minit rekreyasyon	
	8:00 pm	Pratik nan planifikasyon: Plan dèt	
	9:00 pm	Ranvwa	
DIMANCH	8:30 am	Dejene	
	9:00 am	Devwa kòwòt la	Non
	10:00 am	15-minit rekreyasyon	
	10:15 am	Kesyon ak Repons avèk ekip anplwaye retrèt yo	
	11:00 am	Sèvis adorasyon ak Alyans	Non
	12:00 pm	Manje midi	
	1:00 pm	Entèvyou final yo ak konklizyon an	
	1:30 pm	Ranvwa	

Retrèt Pèsonèl




Steve Borger

Lorem ipsum dolor sit amet, consectetur adipiscing elit, sed do eiusmod tempor incididunt ut labore et dolore magna aliqua. Pretium viverra suspendisse potenti nullam ac tortor vitae purus. Magna sit amet purus gravida quis. Amet mattis vulputate enim nulla aliquet. Imperdiet proin fermentum leo vel orci porta. Vel eros donec ac odio tempor orci dapibus ultrices. Risus in hendrerit gravida rutrum quisque non tellus. Volutpat sed cras ornare arcu dui. Imperdiet sed euismod nisi porta lorem mollis aliquam ut. Id leo in vitae turpis. Id diam maecenas ultricies mi eget. Amet tellus cras adipiscing enim eu. Sollicitudin ac orci phasellus egestas tellus rutrum tellus pellentesque eu. Eget sit amet tellus cras adipiscing. Amet consectetur adipiscing elit pellentesque habitant morbi tristique.



Bonnie Beam


Lorem ipsum dolor sit amet, consectetur adipiscing elit, sed do eiusmod tempor incididunt ut labore et dolore magna aliqua. Pretium viverra suspendisse potenti nullam ac tortor vitae purus. Magna sit amet purus gravida quis. Amet mattis vulputate enim nulla aliquet. Imperdiet proin fermentum leo vel orci porta. Vel eros donec ac odio tempor orci dapibus ultrices. Risus in hendrerit gravida rutrum quisque non tellus. Volutpat sed cras ornare arcu dui. Imperdiet sed euismod nisi porta lorem mollis aliquam ut. Id leo in vitae turpis. Id diam maecenas ultricies mi eget. Amet tellus cras adipiscing enim eu. Sollicitudin ac orci phasellus egestas tellus rutrum tellus pellentesque eu. Eget sit amet tellus cras adipiscing. Amet consectetur adipiscing elit pellentesque habitant morbi tristique.



Stan Rodes


Lorem ipsum dolor sit amet, consectetur adipiscing elit, sed do eiusmod tempor incididunt ut labore et dolore magna aliqua. Pretium viverra suspendisse potenti nullam ac tortor vitae purus. Magna sit amet purus gravida quis. Amet mattis vulputate enim nulla aliquet. Imperdiet proin fermentum leo vel orci porta. Vel eros donec ac odio tempor orci dapibus ultrices. Risus in hendrerit gravida rutrum quisque non tellus. Volutpat sed cras ornare arcu dui. Imperdiet sed euismod nisi porta lorem mollis aliquam ut. Id leo in vitae turpis. Id diam maecenas ultricies mi eget. Amet tellus cras adipiscing enim eu. Sollicitudin ac orci phasellus egestas tellus rutrum tellus pellentesque eu. Eget sit amet tellus cras adipiscing. Amet consectetur adipiscing elit pellentesque habitant morbi tristique.

Retrèt Pèsonèl




Carol Borger

Lorem ipsum dolor sit amet, consectetur adipiscing elit, sed do eiusmod tempor incididunt ut labore et dolore magna aliqua. Pretium viverra suspendisse potenti nullam ac tortor vitae purus. Magna sit amet purus gravida quis. Amet mattis vulputate enim nulla aliquet. Imperdiet proin fermentum leo vel orci porta. Vel eros donec ac odio tempor orci dapibus ultrices. Risus in hendrerit gravida rutrum quisque non tellus. Volutpat sed cras ornare arcu dui. Imperdiet sed euismod nisi porta lorem mollis aliquam ut. Id leo in vitae turpis. Id diam maecenas ultricies mi eget. Amet tellus cras adipiscing enim eu. Sollicitudin ac orci phasellus egestas tellus rutrum tellus pellentesque eu. Eget sit amet tellus cras adipiscing. Amet consectetur adipiscing elit pellentesque habitant morbi tristique.



Jeff Beam

Lorem ipsum dolor sit amet, consectetur adipiscing elit, sed do eiusmod tempor incididunt ut labore et dolore magna aliqua. Pretium viverra suspendisse potenti nullam ac tortor vitae purus. Magna sit amet purus gravida quis. Amet mattis vulputate enim nulla aliquet. Imperdiet proin fermentum leo vel orci porta. Vel eros donec ac odio tempor orci dapibus ultrices. Risus in hendrerit gravida rutrum quisque non tellus. Volutpat sed cras ornare arcu dui. Imperdiet sed euismod nisi porta lorem mollis aliquam ut. Id leo in vitae turpis. Id diam maecenas ultricies mi eget. Amet tellus cras adipiscing enim eu. Sollicitudin ac orci phasellus egestas tellus rutrum tellus pellentesque eu. Eget sit amet tellus cras adipiscing. Amet consectetur adipiscing elit pellentesque habitant morbi tristique.



Bill Kirkemo


Lorem ipsum dolor sit amet, consectetur adipiscing elit, sed do eiusmod tempor incididunt ut labore et dolore magna aliqua. Pretium viverra suspendisse potenti nullam ac tortor vitae purus. Magna sit amet purus gravida quis. Amet mattis vulputate enim nulla aliquet. Imperdiet proin fermentum leo vel orci porta. Vel eros donec ac odio tempor orci dapibus ultrices. Risus in hendrerit gravida rutrum quisque non tellus. Volutpat sed cras ornare arcu dui. Imperdiet sed euismod nisi porta lorem mollis aliquam ut. Id leo in vitae turpis. Id diam maecenas ultricies mi eget. Amet tellus cras adipiscing enim eu. Sollicitudin ac orci phasellus egestas tellus rutrum tellus pellentesque eu. Eget sit amet tellus cras adipiscing. Amet consectetur adipiscing elit pellentesque habitant morbi tristique.

Antrenè retrèt / Konseye



Todd & Melissa Frye

Lorem ipsum dolor sit amet, consectetur adipiscing elit, sed do eiusmod tempor incididunt ut labore et dolore magna aliqua. Pretium viverra suspendisse potenti nullam ac tortor vitae purus. Magna sit amet purus gravida quis. Amet mattis vulputate enim nulla aliquet. Imperdiet proin fermentum leo vel orci porta. Vel eros donec ac odio tempor orci dapibus ultrices. Risus in hendrerit gravida rutrum quisque non tellus. Volutpat sed cras ornare arcu dui. Imperdiet sed euismod nisi porta lorem mollis aliquam ut. Id leo in vitae turpis. Id diam maecenas ultricies mi eget. Amet tellus cras adipiscing enim eu. Sollicitudin ac orci phasellus egestas tellus rutrum tellus pellentesque eu. Eget sit amet tellus cras adipiscing. Amet consectetur adipiscing elit pellentesque habitant morbi tristique.





Evalyasyon pèsònèl Pre-retrèt la

Sèks ou

- ☐ Gason
☐ Fi

Wòl ou

- ☐ Pastè
☐ Konjwen

Tranch laj ou

- ☐ Pi piti pase 30 ☐ 40-49 ☐ 60 oubyen pi wo
☐ 30-39 ☐ 50-59

Tanpri endike kijan ou dakò oswa pa dakò avèk deklarasyon sa yo:

	TOTALMAN DAKÒ	DAKÒ	NET	KONPLÈT- MAN PA DAKÒ	DEZAKÒ KATEGORIK
Mwen gen yon bon konpreyansyon sou finans fanmi nou yo.					
Mwen konnen sa ki pi bon pratik finansye yo ye.					
Mwen pa konnen ki kote pou nou kòmanse, chak fwa nou vle rive ranje sitiyasyon finansye nou an.					
Mwen genyen anpil espwa pou avni finansye nou.					
Mwen santi mwen akable akòz de dèt nou yo.					
Mwen ekipe pou anseye kongregasyon mwen an prensip bibliik sou jesyon finansye a.					
Mwen gen yon plan abitab pou pran retrèt.					
Mwen jennen sou sitiyasyon finansye nou an.					
Mwen santi mwen alèz pou mwen pale ak mari oswa madanm mwen sou finans nou yo.					
Mwen anvè wè fen semèn nan rive.					

IDANTIFIKASYON # _____

DiSC® Pwofil pèsonalite ak tandans finansye yo



SECONDÈ "D" DOMINASYON (DOMINANCE)	SECONDÈ "I" ENFLIYANS (INFLUENCE)	SECONDÈ "S" ESTABILITE (STEADINESS)	SECONDÈ "C" KONSYANS (CONSCIENTIOUSNESS)
Tan: "Ki sa ki pral rann mwen ekonomize tan mwen? Mwen vle atenn objektif mwen yo pi vit ke posib!"	Apwobasyon: "Ki sa ki pral fè m genyen anpil rekonesans ak apwobasyon?"	Mank konfli: "Kisa mwen ka fè pou m diminye chans pou konfli? Mwen vle ede lòt moun yo".	Pèfeksyon: "Ki sa ki pi bon an? Mwen ensiste sou bon jan kalite ak efikasite!"
Tikè pou pouvwa, otorite, kontwòl sou desizyon yo.	Tikè pou prestij, rekonesans, popilarite, akseptasyon.	Tikè pou ede lòt moun, sekirite pèsonèl.	Tikè pou kontwòl, prezizyon, ak itilizasyon analiz talan yo.
Kontwòl dezi yo menm anba estrès; "Nou ka jere pwoblèm sa a; nou pral fè li nan fason pa m nan!"	Gen tandans blame lòt moun pou pwoblèm yo. "Mwen pa kapab kwè ke ou lage nou nan tèt chaje sa a!"	Li renmen abòde pwoblèm yo annekip. "Kalme ou; annou travay sou sa a ansanm".	Toujou prè pou analize ak plase pwoblèm yo nan yon fason ki metodik; fè gwo analiz pou paralizè sijè a.
Byen oryante pou objektif yo. "Achte tou sa ke li te vini pou l achte epi deplase kite isit la". Li gen tandans achte bagay ki koute byen chè, mande pre gwo kantite lajan.	Evènman sosyal; li vle itilize pwodwi ki gen gwo mak yon fason pou l kapab jwenn atansyon, favè, epi kite yon enpresyon pozitif.	Li gen difikilte pou l di vandè yo "non;" li toujou ap tann jiska dènye minit pou l achte.	Achte ki konn obsève byen; desizyon li yo pran anpil tan jiskaske li jwenn "pi bon" pwodwi a; li peye pi plis pou bon jan kalite a.
Delege travay la. "Dakò, ou responsab kanè chèk la. Fè m konnen si w bezwen èd".	Li lite ak detay avèk òganizasyon. "Ki sa ki kontablite a?" epi "Ki kote kanè chèk la ye?"	Li prè pou l fè tout sa k'ap fè mari oswa madanm li plezi. "Asireman, m'ap kontan anpil pou m balanse kanè chèk la. Mwen ta renmen bay èd mwen".	Li fò anpil nan fè bidjè ak konsèvasyon dosye yo". Gade? Li balanse menm ti santim yo. Mwen te konnen mwen ta gen rezon!"
Li fò anpil nan fè pwojè alontèm yo. "Nou kapab pran retrèt ou alaj de 45 lè nou swiv plan mwen yo. Fwa sa a, nou pral fè yon fòtin!"	Prefere desizyon san reflechi sou planifikasyon. "Mwen te gen yon gwo lide; se pou nou vwayaje nan Florid pou nou fè yon ti chape poul nou pou fen semèn sa a! Èske sa pa sonnen enteresan!"	Dezi pou jwi moman prezan an menm; li pa enterese nan fè plan. "Mwen pral enkyete sou sa demen!"	Li fè kè l kontan san li pa genyen menm yon plan. "Ki kote nou pral viv nan 5 ane? Ki jan nou pral peye inivèsite a? Kisa k'ap rive si manman m antre nan yon mezon retrèt pou gran moun yo? Relò pa m nan di..."

DiSC® pèsonalite nou yo

MWEN MENM	KONJWEN	GWO TENDANS “DOMINASYON”
		Etabli anpil objektif finansye san limit
		Atitid avanse
		Pa pè prete gwo sòm lajan
		Chèche defi finansye yo
		Prè pou fè gwo sakrifis jodi a pou rive atenn objektif demen yo
		Pa fasilman distrè de plan finansye yo
		Enpasyan ak kontretan finansye yo
		Li kapab neglije bezwen fanmilyal yo
		Fè efò pou endepandans finansye yo
		Delege travay ak detay yo
		Fè demann responsablite pou depans yo
		Li kapab kenbe mari oswa madanm nan “nan fè nwa a” finansyèman
		Li fristre; limenm ak kòlè
		Li tounen yon diktatè lè li anba estrès finansye
		Detèmine pou jwenn yon fason
		Li rapid pou l “resezi li”
		Antreprenè
		Li renmen pran risk finansye yo

DiSC® pèsonalite nou yo

MWEN MENM	KONJWEN	GWO TENDANS "ENFLIYANS"
		Achte bagay pou attire atansyon lòt moun
		Endiferan
		Rapid, acha san reflechi
		Optimis ekonomikman
		Neglije aspè pratik nan ranpli yon vizyon oswa rèv
		Gate lajan pou simonte depresyon (kidonk anjeneral pwoblèm nan vin pi mal)
		Nayif ak kredil
		Blame lòt moun pou pwoblèm yo
		Batay ak oto-kontwòl la
		Tankou rad ekla, bijou
		Reziste ap viv avèk yon bidjè
		Pase pou pran plezi
		Bliye detay finansye yo
		Li kapab gen pwoblèm ak chif yo
		Moun ki bay avèk fidelite
		Chèche apwobasyon lòt moun
		Li distrè fasil
		Reponn apèl pou ede lòt moun
		Viv nan "karil rapid" lavi a

DiSC® pèsonalite nou yo

MWEN MENM	KONJWEN	GWO TENDANS “ESTABILITE”
		Jenere nan ede lòt moun
		Gen tandans pou evite kreyansye yo
		Defèt
		Kapab “sere sentiwon”
		Bon ekonomis
		Ezite pou fè epi egzekite plan ki along tèm
		Bay pou diminye soufrans lèzòm
		Ralanti pou chanje investisman yo
		Depanse pou “jwi moman an”
		Pa janm achte kòm yon aktivite “lwazi”
		Ralanti pou pran desizyon finansye yo
		Li kapab fè tèt di pou fè chanjman
		Anplwaye serye
		Viv nan revni mwen yo
		Chèche konsansis pou pran desizyon yo
		Anvi pou sipòte plan ke lòt moun fè yo
		Li kapab kache santiman reyèl yo
		Prefere pou lòt moun pran desizyon finansyè ki “difisil” yo

DiSC® pèsonalite nou yo

MWEN MENM	KONJWEN	GWO TENDANS "KONSYANS"
		Ekselan pou balanse kanè chèk la
		Li kapab genyen yon tristès oswa byen lwen pafwa
		Ensiste sou efikasite
		Prè pou depanse pou bon kalite
		Kontwole dinamik fanmi yo ak reyalite ak figi
		Pridan sou nouvo investisman
		Gwo ladrès òganizasyonèl
		Ranvwaye desizyon pou ranmase plis enfòmasyon pou "gen rezon"
		Natirèl nan mennen pwosesis bidjè a
		Dezi pou genyen anpil plan finansye
		Respekte règ yo; pa gen okenn devyasyon
		Pèdi opòtinite yo pandan y ap analize opsyon yo
		Reziste kont desizyon ijan pou ka byen prepare
		Planifikatè lojik
		Krenn pou sa lavni ka pote
		Li kapab konbat kont laperèz nan sere lajan
		Gwo apresyasyon pou bagay ki bèl
		Gran konsomatè

Plan libète finansye a

Deklarasyon vizyon an: Ki sa ou vle reyalize kòm rezilta nan Retrèt True North la?

Objektif: Objektif **E**spesifik yo, **M**ezirab, **A**ksyon-oryante, **R**eyalis epi **P**rè pou sezi tout aksè ki genyen pou w reyalize “Vizyon” ou.

Etap pou libète finansye a

ETAP 1

Ranpli yon “Plan pou bidjè familyal la”

- Mete pou pi piti 3% revni yon kote pou w fè ekonomi.
- Asire w ke revni ou depase depans ou yo.

ETAP 2

Drese yon lis ki genyen TOUT dèt yo nan fèy travay rediksyon dèt la.

(Retire lweyay kay w ap viv la. Peye lweyay lakay ou se yon objektif ki vrèman bèl, men se sèlman apre yo fin peye tout dèt konsomatè yo.)

ETAP 3

Ranpli pèman minimòm chak mwa pou chak dèt.

ETAP 4

Kòmanse yon “boul nèt dèt”.

- Detèmine kantite revni depase ki ka itilize chak mwa pou peye dèt la.
- Kòmanse pa atake dèt yo ak balans ki pi piti a tou bay konsiderasyon dèt ki gen to enterè ki pi wo a.
- Lè yon kreyansye ranbouse, ajoute kantite masyèl sa a nan yon lòt dèt.

ETAP 5

Se pou w viv fidèlman ak bidjè ke ou genyen. Pa ajoute okenn dèt. Kòm se dènye kreyansye ou peye koupe ou pral konnen ki jan li santi l yo dwe “DÉT GRATIS” nan tout dèt konsomatè yo.

REVNI CHAK MWA

Revni brit chak mwa \$ _____

Salè #1 \$ _____

Salè #2 \$ _____

Lòt \$ _____

Lòt \$ _____

Mwens:

Dim / Bay \$ _____

Ekonomi anvan taks (403b, HSA) \$ _____

Taks (Fed, Eta, FICA) \$ _____

Revni transparan chak mwa \$ _____

DEPANS CHAK MWA YO

Ekonomi \$ _____

Ijans \$ _____

Retrèt \$ _____

Edikasyon \$ _____

Ranplasman machin \$ _____

Lòt \$ _____

Dèt (lweyay non) \$ _____

Pèman Machin \$ _____

Lajan prete pou elèv yo \$ _____

Kat kredi yo \$ _____

Dèt medical yo \$ _____

Lòt \$ _____

Lojman \$ _____

Lweyay / Lwe \$ _____

Asirans \$ _____

Taks sou pwopriyete \$ _____

Sèvis piblik yo (Dlo, gaz, elektrik) \$ _____

Sèvis Entènèt \$ _____

Televizyon pa mwayen kab /

Hulu / Netflix \$ _____

Telefòn \$ _____

Antretyen \$ _____

Lòt \$ _____

Medikal / Dantè \$ _____

Doktè \$ _____

Dantis \$ _____

Preskripsyon \$ _____

Lòt \$ _____

Rad \$ _____

Manje \$ _____

Lwazi / Rekreyasyon \$ _____

Manje deyò \$ _____

Gadri pou ti moun piti yo \$ _____

Aktivite \$ _____

Vwayaj / Vakans \$ _____

Bèt kay \$ _____

Lòt \$ _____

Transpòtasyon \$ _____

Gaz \$ _____

Asirans \$ _____

Lisans / Taks \$ _____

Reparasyon / Antretyen \$ _____

Lòt \$ _____

Lekòl / gadri pou ti moun piti yo \$ _____

Ekolaj / Materyèl / Frè \$ _____

Kourikoulòm Siplemantè / kan \$ _____

Transpòtasyon \$ _____

Gadri pou ti moun piti yo \$ _____

Lòt \$ _____

Asirans \$ _____

Sante / Dantè \$ _____

Lavi \$ _____

Andikap \$ _____

Lòt \$ _____

Divès kalite bagay \$ _____

Twalèt / kosmetik \$ _____

Swen cheve \$ _____

Lesiv / netwayaj sèk \$ _____

Alokasyon pou \$ _____

Abònman \$ _____

Kado \$ _____

Lòt \$ _____

Total Depans chak mwa \$ _____

YON BIDJÈ EKILIBRE

Revni nèt chak mwa \$ _____

- Total Depans chak mwa \$ _____

ta dwe egal "0" \$ _____

Legliz Nazareyen, Inc. ©2021 Tout dwa yo rezève.

Legliz Nazareyen, Inc. ©2021 Tout dwa yo rezève.



Travay avèk kreyansye yo

NEGOSYE

Negosye pèman yo ak to enterè ki pi ba yo, se yon fason kle pou peye dèt ou yo.

Men kèk gid senp ki ka ede ou avèk negosyasyon kont kat kredi w la. Objektif la se diminye to enterè ak / oswa diminye salè minimòm.

Kontakte kreditè ou yo lè ou PREMYE reyalize ou pral anreta ak yon pèman oswa ke pèman minimòm kredi ou la chak mwa depase revni ou, konsa ou kapab eksplike sitiyasyon ak travay sou yon plan ranbousman reyalis.

1. Fè apèl la.

- Rele konpayi kat kredi a epi mande pou depatman koleksyon an.
- Prezante tèt ou epi eksplike ke ou gen entansyon remèt lajan yo, men, pou ke sa rive reyalize, w ap mande èd yo nan nenpòt fason posib.
- Fè yo konnen ke kont kredi sa a, menm jan ak lòt yo, yo pral fèmen epi pa gen okenn lòt tou nèt ki pral louveri.

2. Koute byen.

- Kite yo fè yon òf, li posib pou yo siprann ou epi ba ou plis pase sa ou ta mande.
- Ekri tout detay konvèsasyon an epi repete l pou ke w kapab asire w ke pa genyen okenn mal entèpretasyon.

TRÈ ENPOTAN!

Lè w ap fè apèl nan telefòn, asire w ke ou kenbe yon dosye sou:

- tan ak dat apèl la,
- non ak siyati reprezantan an,
- nimewo telefòn dirèk,
- adrès postal,
- & imèl.


3. Pale.

- Mande si ou ka jwenn menm plis otorizasyon, epi, si se sa, ki sa li ta pran.
- Fè politès men FÈM. (Pran nòt ke moun ki travay nan depatman koleksyon yo te itilize pou fè fas ak kliyan “ki pa aktif” epi yo kapab yon ti jan fè tèt di toujou pou demann ou yo).
- Si yo fè nenpòt ajisteman nan kont ou, asire w ke yo voye chanjman yo ba ou EKRI.

4. Si yon dezyèm etap nesèsè, oswa ou pa ka jwenn, akòz de twòp tan ki gentan pase, voye yon lèt ba yo.

- Yon lòt fwa ankò, prezante tèt ou epi eksplike sitiyasyon ou ak sa ou bezwen.
- Konsève yon kopi lèt la.
- Fè swivi a ak yon apèl nan telefòn apre yo te gen tan resevwa lèt la.

Fè atansyon pou kenbe yon dosye sou tout apèl ou fè yo, ki gen ladan non reprezantan konpayi a ak lè ak dat ou te fè apèl la.





Pi ba to Enterè yo

Bese to enterè kat kredi ou

Konpayi kat kredi yo gen yon depatman ki konsakre nan kenbe biznis yo: Depatman konsèvasyon.

Pi bon ka senaryo w la

1. Ou gen yon bon nòt kredi.
2. Ou gen kouran sou pèman ou yo.
3. Ou te resevwa yon òf pa lapòs nan men yon lòt konpayi kat kredi.

BON NOUVÈL!

**Konpayi kat
kredi yo renmen
biznis yo.**

Si sa a se sitiyasyon ou, an premye, ou dwe ranmase dokiman ou: kopi bòdwo kèk mwa ki montre aktyèl to enterè ou ak / oswa ogmante pousantaj enterè, ak yon òf ki sòti nan yon konkiran. Lè sa a, rele nimewo ke w genyen sou do kat kredi ou la epi mande pou depatman konsèvasyon an. Apèl ou a pral transfere kote ke w'ap gen chans pou w pale ak yon moun ki vrèman agreyab k'ap vle konsève kont ou a.

Echantiyon sekans enstriksyon yo # 1 To aktyèl la twò wo

Ou menm: "Mwen apèn sot resevwa bèl òf sa ekstrèmman wo ki soti nan lapòs pou yon nouvo kat kredi ki gen yon pousantaj enterè entwodiksyon a sèlman 4.9%. Mwen pa reyèlman vle chanje kat la, déjà ke sèvis li a te vrèman bon. Men, menm si mwen te gen kat li a pandan twa zan, mwen toujou peye 20% sou nenpòt balans. Mwen pral oblije transfere balans mwen sof si ou kapab bese to enterè a pou mwen".

Echantiyon sekans enstriksyon yo # 2 To enterè a ogmante

Ou menm: "Mwen te toujou yon kliyan ki te rete fidèl pandan anpil ane epi chaj finansye mwen an te ogmante malgre mwen te toujou ale sou kont mwen an. Konkiran ou te voye yon gwo òf pou mwen". (Li òf ke w genyen nan men w lan) sa vle di "Y'ap ofri mwen pou ke yo transfere balans mwen an gratis epi ban m yon pousantaj entwodiksyon ki ba nan ____ pou ____ mwa".

**PÈSISTANS
POLITÈS
PEYE**

Nan pwèn sa a, reprezantan an ta dwe ofri egale pousantaj sa a pou yon sèten kantite tan ki pi long, epi pi bon. Si dam nan / mesye a pa fè ou yon bon òf, ou dwe tounen rele pita ankò. Nan denmen eseye ankò ak yon reprezantan sèvis kliyan diferan. Ou dwe poli ak pèsistan. Piga w dekouraje, kontinye ap eseye.

Dezyèm Senaryo a nan pi bon nan tout lòt ka yo

1. Ou prèske toujou peye a lè.
2. Ou te yon kliyan pou anpil ane.
3. Ou ka oswa ou pa ka gen yon òf konkiran nan men w.

Rasanble dokiman ou: kopi bòdwo kèk mwa ki montre to enterè a. Jan yo eksplike sa pi wo a, rele konpayi kat kredi ou epi mande pou Depatman Konsèvasyon an. Yon fwa ankò, apèl ou yo pral transfere ak yon moun ki vle konsève kont ou a. Avèk anpil politès, eksplike sitiyasyon ou epi mande kijan yo kapab ede w nan sitiyasyon sa a. Si yo pa ka ede ou, tounen rele yon lòt jou epi eseye ankò ak yon reprezantan sèvis kliyan diferan.

Trè enpotan:

- Jwenn non (premye ak dènye), nimewo telefòn dirèk, adrès ak imèl moun ke w'ap pale a.
- Ekri tout detay sou sa yo te di a, epi tounen repete l ba yo pou w sèten ke pa gen okenn malantandi.

Konpetisyon pou zafè kat kredi jounen jodi a se yon bagay ki vrèman entans epi yo pa vle pèdi ou kòm kliyan. Konpayi kat kredi yo trè se biznis ki bay anpil benefis, men se sèlman si kliyan an kontinye atache ak konpayi yo a pou yon bon ti bout tan. Konsa, pito w eseye.

Ou pa gen anyen pou w pèdi epi anpil pou w genyen.



Estrateji sa a kapab ba ou kèk zouti pou negosyasyon / peye pwosesis la, men kenbe nan tèt ou ke li pa yon garanti. Kòm ou mete estrateji sa a an pratik, sonje konsèy sa yo. Piga w dekouraje si li pa travay pou ou tou swit. Pa janm angaje nan yon bagay ke ou pa kapab peye kèlkeswa jan ke kontra sa sanble bon. Ou dwe toujou konnen ki kantite lajan o maksimòm ke ou genyen disponib pou w negosye avèk yo.

KONSÈY POU NEGOSYE

- **Pa bay legen.**
- **Pa janm angaje ou nan yon bagay ou pa ka peye.**
- **Konnen lajan maksimòm ou dwe negosye avèk yo.**

Òganize w

Sèvi ak Rejis negosyasyon yo, kalkile lis dèt ou yo soti nan pi piti a pou rive nan pi gwo a. Asire ou ke ou mete tout kat kredi, bòdwo doktè yo / bòdwo lopital ak nenpòt lòt dèt ki gen rapò ak kredi ou. Asire ou ke ou mete enterè ki te akimile a sou chak dèt. (Ou ka jwenn sa sou rapò sou kredi ou oswa sou deklarasyon bòdwo ou).

Aprè sa, detèmine konbyen ou pare oubyen kapab kontribye pou w peye oubyen kouvri dèt la. Egzanp: ou ka prefere peye mwaye nan kantite lajan ou dwe sou chak bòdwo, men gen kèk moun ki kòmanse ap eseye peye \$.20 sou \$ 1 a (20%); se sa ki fè ke anpil, petèt pi fò nan ajans koleksyon yo achte dèt ou yo. W'ap bezwen ekri kèk nimewo kle nan Rejis Negosyasyon ou yo anvan ou fè nenpòt ki apèl. Ou pral bezwen rale kèk nan nimewo sa yo nan rapò kredi ou oswa deklarasyon ki nan bòdwo ki pi resan yo.

EGZANP # 1

KI KOTE OU KAPAB JWENN LI?

Kantite lajan ou dwe kounye a	Rapò kredi oswa deklarasyon aktyèl la	\$ 4,800
Enterè akimile	Deklarasyon Kouran	\$ 950
Kantite lajan ou dwe mwens enterè sou li a	\$ 4,800 mwens \$ 950 (enterè akimile)	\$ 3,850
20% nan sa ou dwe	\$ 4,800 fwa 0,20	\$ 960

EGZANP # 2

KI KOTE OU KAPAB JWENN LI?

Kantite lajan ou dwe kounye a	Rapò kredi oswa deklarasyon aktyèl la	\$ 4,800
50% nan sa ou dwe nan 0% enterè	Lajan ki peye nan 24 mwa (pèman \$ 100 chak mwa)	\$ 2,400

EGZANP # 3

Kantite lajan ou dwe kounye a	Rapò kredi oswa deklarasyon aktyèl la	\$ 4,800
Objektif ou peye kantite lajan	Kalkil pèsònèl ki baze sou lòt bòdwo ou dwe yo	\$ 1,800
Kalandriye pèman an	Baze w sou sa ke ou dwe travay avèk yo a	Mwa 1: \$ 525 Mwa 2-18: \$ 75

Dèt Medikal yo

Si ou gen yon bòdwo medikal ki toujou nan men doktè / lopital, rele yo touswit, anvan yo voye li nan yon ajans koleksyon. Si bòdwo w la depase \$ 1,000, mande si yo te kapab voye ou yon fòmilè rabè charite. Si li poko \$ 1,000 oswa si yo refize ou rabè charite a, rele yo epi di yo ou ka peye sèlman [\$ 20 - \$ 25] pa mwa. Yo pral mande pou pi gwo kantite lajan w; ou ka fè \$ 100 oswa \$ 75 ak sou sa, men yo pral travay avèk ou. Mande tou pou enterè 0%. **Asire ou ke ou negosye yon pèman chak mwa ke ou ka travay nan bidjè ou la.**

Ou bezwen pale ak yon moun pa sistèm otomatik la. Ou dwe onèt avèk yo sou pwogram nan ak sa w ap eseye fè a. Doktè / lopital yo gen anpil chans pou yo travay avèk ou si ou konsistan avèk pèman ou yo. Pita, ou ka toujou peye li nèt oswa ogmante pèman chak mwa ou si ou gen plis espas nan bidjè ou. Ou pral jwenn nan fen ane a kèk doktè / lopital ap voye ba ou yon fòmilè ki di yo te ekri nan bòdwo ou epi ou pa dwe yo anyen plis.

ANVAN KE BÒDWO W LA VINN TOUNEN YON AJANS KOLEKSYON:

- Mande yon fòmilè rabè charite.
- Di yo kisa ou kapab peye.
- Mande 0% enterè.

Apèl nan Telefòn

1. Fè yon ti poze epi PRIYE.
2. Pran yon gwo souf anvan ou kòmanse.
3. Ekri dat la / lè a epi kòmanse ak kreyansye a depi nan tèt lis ou a (pi piti kantite lajan ou dwe).
4. Sonje byen, ou pa bezwen retranche sou kantite lajan yo vle premye fwa ou rele a, oswa dezyèm lan, oswa twazyèm lan! Dèt la deja la, li pa pral okenn kote!

SONJE!

**Ou PA bezwen
retranche sou kantite
lajan ou te peye nan
kòmansman lè w rele a.**

Li posib pou ke ti detay sa yo itil ou anpil pandan w ap fè apèl nan telefòn ou yo.

“Sali, non mwen se ____, e ou menm kilès ou ye?”

“Mwen ap mande mwen si ou ta kapab ede m tanpri, mwen ta renmen rezoud dosye dèt mwen yo avèk ou. Mwen sèlman gen yon ti kantite lajan pou m travay ak anpil moun ke mwen ta renmen eseye peye. Èske ou ta vle travay avèk mwen? Mwen gen \$ ____ (kantite lajan ke w genyen pou w peye nan bidjè a) depanse nan bòdwo sa a nan moman sa a”.

Yo gen tandans di “non” oswa di ou ke ou bezwen peye plis.

“Kantite enterè ki akimile sou bòdwo sa a se \$ ____ (enterè akimile a). Si ou wete tout enterè a, kantite lajan aktyèl la se sèlman \$ ____ (bòdwo mwens enterè). Mwen ka peye bòdwo a kounye a (si sa aplikab) si ou wete enterè a. Èske mwen kapab rezoud dosye dèt la konsa?”

Si yo vle fè fas ak ou mande yo voye ba ou nouvo bòdwo a EPI lè ou resevwa li ou pral ekri yon chèk imedyatman pou w elimine li.

**Toujou ekri
non ak
ekstansyon
moun ou ap
pale a.**

“Mèsi paske ou te vle travay avèk mwen. Pase yon bèl jounen”.

Si se pa kantite lajan ou gen nan tèt ou oswa yo pa pral travay nan tout avèk ou, ou dwe di byen janti:

“Mwen dezole; Mwen pa kapab peye kantite lajan sa a nan moman sa a. Mwen pral rele ankò semèn pwochèn apre mwen fin pale ak lòt moun ke mwen dwe yo epi wè si ou gen plis volonte pou w travay avèk mwen lè sa a. Mèsi pou tan ou. Pase yon bèl jounen”.

Lè sa a, ou ka rakwoche byen vit.

SI YO VLE POU YO TRAVAY AVÈK OU:

- **Mande yo pou ke yo voye yon nouvo bòdwo ba ou.**
- **Lè ou resevwa nouvo bòdwo a, peye li imedyatman.**

Swivi atravè apèl telefonik yo

Gen kèk kreditè ki pral eseye diskite oswa rele ou plizyè fwa nan yon jounen. Ou dwe genyen Rejis Negosyasyon ou yo tou prè ou oubyen nan yon plas kote ke ou kapab jwenn li byen vit. Asire w ke tout nimewo ou yo an plas e ke ou gen dat yo ke ou te rele ak moun ke ou te deja pale a kòrèkteman.

"Mwen te rele nan dat ki te ____ (dat) epi mwen te pale ak ____ (non reprezantan an). Yo te di m' ____ (pran nòt ou). M ap rele ankò pou wè si mwen ka regle dosye dèt mwen an. Èske ou ka ede m silvouplè?"

Repete estrateji nan premye apèl ou a (pi wo a). Si kantite lajan an toujou pa prèske nan kantite lajan ou peye, jis di yo yon lòt fwa ankò, avèk tout jantiyès ou:

"Mwen regrèt sa, paske mwen pa ka peye kantite lajan sa a nan moman sa a, mwen pral tounen rele ankò semèn pwochèn. Mèsi pou tan ou, epi pase yon bèl jounen".

Ou bezwen fini konvèsasyon an isit la pa rakwoche. Ou ta dwe rete kalm epi kolekte epi ou ta dwe toujou janti. Toujou di "tanpri" ak "mèsi".

Entimidatè yo

Ou dwe sonje ke moun ke w'ap pale yo te resevwa fòmasyon espesyalman pou fè moun kraponnen yon fason pou ke yo jwenn lajan ou lan. Ap toujou gen moun ki pral eseye diskite oswa entimide ou. Sonje rete kalm ak politès. Anba la a se kèk nan taktik "entimidatè yo" ka itilize ak egzanp sou fason ou ka reponn.

Ajan: "Sa a pral antre sou rapò kredi ou".

Ou dwe reponn: "Mwen okouran de sa. Sa a se ki jan mwen te resevwa nimewo ou an premye".

Ajan: "Oke, mwen wè nan rapò kredi ou la ke ou pa enterese peye bòdwo ou yo".

Ou dwe reponn pandan w'ap raple yo: "Gade rapò sou kredi mwen an pa fè pati travay ou e li ilegal pou ou fè sa".

Oswa, "Èske mwen ka tanpri fè ou sonje mwen ap pale avèk ou paske mwen ta renmen rezoud dèt sa a avèk ou kounye a, se konsa, mwen vrèman enterese pou bòdwo mwen an".


• •
• •
• • **TOUJOU!**
Rete trankil epi
ou dwe trè janti.

Si jiskaprezan yo pa byen sèvi avèk ou, ou dwe rete tann avèk anpil trankilite pou ke w tann yo fini. Genyen kèk ki pral tante pale avèk ou, y'ap tante fè w fè kolè epi fè w santi w mal alèz, men finalman lè yo fin pale, DI YO KONSA: Mèsi anpil pou tan w wi. M'ap tounen rele semèn pwochen epi m va wè si w prè pou w pi byen reflechi, ebyen, pase yon bèl jounen". Aprè sa, rakwoche telefòn nan byen vit.

Sonje pou w kite kòlè yo fin pase epi tanpri pa konsidere pawòl yo va di w yo mal nan kè ou paske yo pral trè chokan. Sa se djòb yo epi se sa ke yo te resevwa fòmasyon pou yo fè; sa pa vle di ke yo se move moun vre an reyalite. Yo gen tandans vin fache anpil lè ke w anfas yo epi ou konnen ki kantite dèt ou ak enterè w yo ye reyèlman. **Asire ou ke ou toujou ekri sa ki te di yo, dat, lè, non moun nan ak ekstansyon oswa nimewo badj la.** Sa a se yon trè bon bagay ou dwe gen nan men w pou pwochen moun w'ap genyen pou w pale yo.

Rete avèk yon lespri pozitif.

W ap kòmanse yon nouvo chapit nan lavi ou. W ap pran bon desizyon epi w ap swiv Plan Bondye a. Sa ap pran plis pase kèk semèn nan fè apèl pou ke w soti nan yon dèt pou ane a. Mete gason oubyen mete fanm sou ou! Yon fwa ke dèt la kòmanse diminye ou pral wè yon diferans nan ou menm epi w ap santi w genyen yon kè poze ki enkwayab.



KREYANSYE:_____

NIMEWO TELEFÒN: _____

[illegible]

TO ENTERÈ AKTYÈL LA:		DÈT TOTAL:		ENTERÈ KI AKIMILE:	
TO ENTERÈ KI REKÒMANDE A:		50% NAN DÈT LA:		20% NAN DÈT KI GENYEN MWENS ENTERÈ A:	
		20% NAN DÈT LA:		PEYE OBJEKTIF LA:	



Egzanp yon Lèt ki byen senp pou voye bay Kreyansye a

1 Desanm, 2017

Depatman CCCS nan Citibank
Kès 6000
The Lakes, NV 89163
Re: Kont # 123456779

Pou moun li konsène a:

Aktyèlman n ap patisipe nan responsablite finansye atravè Inisyativ COMPASS la epi n ap fè tout efò pou nou vin aktif nan bòdwo nou yo. Atravè pwogram COMPASS Journey, nou te devlope yon bidjè epi nou pran responsablite pou ke nou viv nan bidjè sa a. Se poutèt sa, n ap mande yon to enterè ki pi ba sou tout kalite balans a **5%** iks, epi tou yon rediksyon sou pèman chak mwa obligatwa a **1%** nan balans eksepsyonèl la olye pou se **2%**, oswa yon pèman chak mwa ki pa plis pase **\$ 30.00**.

Nou remèsye ou davans pou pasyans ou ak koperasyon ou. Tanpri, pa ezite kontakte m dirèkteman si ou gen nenpòt kesyon, oswa kontakte biwo Inisyativ COMPASS nan imèl sa a COMPASS@nazarene.org pou verifikasyon enskripsyon nan pwogram COMPASS Journey la.

Sensèman,

Non
Adrès
Telefòn
Imèl

Nimewo ak
tèks ki an gra
yo pral varye
selon chak
kontra kredi.



Egzanp Lèt Swivi pou w voye bay Kreyansye a

1 Desanm, 2017

Depatman CCCS nan Citibank
Kès 6000
The Lakes, NV 89163
Re: Kont # 123456779

Pou moun li konsène a:

Selon konvèsasyon nou an nan dat **8 Novanm, 2017** ak reprezantan ou, **Madam Horner**, n ap mande yon to enterè ki pi ba sou tout kalite balans a **5%** fiks, epi tou yon rediksyon sou pèman chak mwa yo obligatwa a **1%** nan balans eksepsyonèl la olye pou se **2%**, oswa yon pèman chak mwa ki pa plis pase **\$ 30.00**.

Aktyèlman n ap patisipe nan responsablite finansye atravè Inisyativ COMPASS la epi n ap fè tout efò pou nou vin aktif nan bòdwo nou yo. Atravè pwogram COMPASS Journey ke nou te devlope yon bidjè epi angaje nou pou ke nou viv nan bidjè sa a.

Nou remèsye ou davans pou pasyans ou ak koperasyon ou. Tanpri, pa ezite kontakte m dirèkteman si ou gen nenpòt kesyon, oswa kontakte biwo Inisyativ COMPASS nan imèl sa a COMPASS@nazarene.org pou verifikasyon enskripsyon nan pwogram COMPASS Journey la.

Sensèman,

Non
Adrès
Telefòn
Imèl

Nimewo
ak tèks an
karaktè gra
yo pral varye
selon chak
akò kredi.



Kontra kòwòt TNR

Mwen rekonesan rekonèt gras Bondye ke mwen te resevwa nan konvèsasyon onèt ak konpasyon ak akonpayman yo pandan tout fen semèn sa a. Mwen deklare ke mwen pare pou mwen apresye don pou mwen genyen bon konprann, resous ak ankourajman mwen te resevwa lè mwen te antre nan alyans sa a avèk moun ki siyen yo, konpayon mwen yo, ki pataje pasyon mwen pou onore dominasyon Jezi nan tout aspè nan lavi mwen.

- ▶ Mwen fè alyans pou mwen onèt e transparan avèk lòt moun nan kòwòt mwen yo sou pwogrè mwen nan aplike avèk dilijans pwochen etap mwen te siyen yo, aplike sa mwen te aprann, ak pèsevere nan etabli priyorite ak disiplin ki pral fè glwa Bondye manifeste.
- ▶ Mwen fè alyans pou mwen ankouraje ak yon patnè responsab fidèl ak lòt moun nan kòwòt mwen an epi kenbe konfidansyalite sof si mwen te resevwa pèmasyon pou rakonte lòt moun sa ki te pataje avèk mwen yo.
- ▶ Mwen fè alyans pou m priye pou moun ki nan kòwòt mwen yo epi pou m kominike avèk yo nan lapriye mwen ak nan enterè vwayaj yo.
- ▶ Mwen fè alyans pou m patisipe nan reyinyon, pou pi piti, yon fwa chak mwa pandan douz mwa k'ap vini yo, pa telefòn oswa pa kèk mwayen elektwonik, kòm yon pati nan angajman mwen pou rete fidèl a alyans sa a.

Pastè

Konjwen

Kòwòt pou sipò:

Non:

Telefòn:

Imèl:



Oto-Evalyasyon aprè retrèt la

Sèks ou

- ☐ Gason
☐ Fi

Wòl ou

- ☐ Pastè
☐ Konjwen

Tranch laj ou

- ☐ Pi piti pase 30 ☐ 40-49 ☐ 60 oubyen pi wo
☐ 30-39 ☐ 50-59

Tanpri endike kijan ou dakò oswa pa dakò avèk deklarasyon sa yo:

	TOTALMAN DAKÒ	DAKÒ	NET	KONPLÈT- MAN PA DAKÒ	DEZAKÒ KATEGORIK
Mwen gen yon bon konpreyansyon sou finans fanmi nou yo.					
Mwen konnen sa ki pi bon pratik finansye yo ye.					
Mwen pa konnen ki kote pou nou kòmanse, chak fwa nou vle rive ranje sitiyasyon finansye nou an.					
Mwen genyen anpil espwa pou avni finansye nou.					
Mwen santi mwen akable akòz de dèt nou yo.					
Mwen ekipe pou anseye kongregasyon mwen an prensip bibliik sou jesyon finansye a.					
Mwen gen yon plan abitab pou pran retrèt.					
Mwen jennen sou sitiyasyon finansye nou an.					
Mwen santi mwen alèz pou mwen pale ak mari oswa madanm mwen sou finans nou yo.					
Mwen byen kontan dèskè mwen te vini nan retrèt sa a.					

IDANTIFIKASYON # _____



Evalyasyon retrèt la

Moun ki konplete evalyasyon an: ☐ Pastè ☐ Konjwen

Tanpri evalye aspè sa yo nan retrèt sa a ki baze sou eksperyans pèsònèl ou:

	EKSELAN	BON	AKSEPTAB	PÒV	KÒMANTÈ
KALITE ENSTRIKSYON YO					
KALITE MATERYÈL YO					
ITILIZASYON TAN OU					
LOJMAN OTÈL					
SÈVIS MANJE POU YO					
FASILITE REYINYON AN					

Ki sa ki # 1 ou chwazi pou w pote lakay ou ki soti nan retrèt sa a?

Ki enpak retrèt sa a te genyen sou komunikasyon ant ou menm ak mari oswa madanm ou?

Nan ki fason espwa finansye ou pou lavni chanje aprè retrèt sa a?

Èske ou ta rekòmande pastè parèy ou yo pou nou òganize yon Retrèt True North? ☐ Wi ☐ Non
Pou kisa?

Ki sa retrèt sa a ta amelyore?
